

Konsèy Jistis Anviwonman an (EJC)

Reyinyon #17

Jedi, 14 Novanm, 2024

Lokal: Taunton Public Library (Libreri Piblik Taunton nan), 12 Pleasant St, Taunton MA
6:15 p.m. jiska 7:30 p.m.

Minit Reyinyon an

Lokal Reyinyon an: An-pèsòn

Dokiman Reyinyon an: Ajanda, Paj yo

Manm Konsèy ki prezan:

- María Belén Power, Sekretè Adjwen EEA nan EJ & Ekite (An-pèsòn)
- Kalila Barnett (Absan)
- Madeline Fraser Cook (Absan)
- Melissa Ferretti (Vityèlman)
- Cheryll Holley (Vityèlman)
- Caroline Hon (An-pèsòn)
- Namrita Kapur (Absan)
- Lydia Lowe (Vityèlman)
- Marcos Luna (An-pèsòn)
- Peter Maathey (Vityèlman)
- Sofia Owen (Vityèlman)
- Jen Salinetti (An-pèsòn)
- Patricia Spence (Vityèlman)
- Ari Zorn (Absan)
- Miles Gresham (Absan)

Anplwaye Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman (EEA) ki prezan:

- Caroline Lemoine, Direktè Adjwen EEA
- Jonathan Guzman, Direktè EEA
- Martha Grover, , Konseyè Règleman pou Dekarbonizasyon Blding yo

Lòt Anplwaye ki prezan:

- Dylan Voorhees, Konsiltan Prensipal ak VEIC

1. Byenvini epi Rezime Jeneral Lojistik Reyinyon an

Kecil John te bay yon rezime jeneral sou lojistik reyinyon an, sa enkli itilizasyon bwat kesyon ak repons (Q&A) ak disponiblite entèprèt yo. **María Belén Power** te akeyi tout patisipan yo.

2. Rezime Jeneral Ajanda

María Belén Power te revise ajanda reyinyon an.

3. Apèl pou Prezans/Awobasyon minit Dènnye Reyinyon an

María Belén tef è apèl prezans pou manm EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, yo te prezante manm sa yo: **Kalila Barnett, Madeline Fraser Cook, Melissa Ferretti, Cheryll Holley, Caroline Hon, Lydia Lowe, Marcos Luna, Peter Maathey, Sofia Owen, Jen Salinetti, Patricia Spence and María Belén Power.**

Lis manm konseyè sa yo pa t prezan: **Ari Zorn, Miles Gresham, ak Namrita Kapur.**

María Belén te bay lapawòl pou yon mosyon pou apwouve minit dènnye reyinyon an. Melissa Ferretti te dakò pou apwouve l. **Jen Salinetti** te dezyèm moun ki te dakò. Tout manm konsèy ki te prezan yo te aksepte minit yo, eksepte **Cheryll Holley ak Caroline Hon** ki pa t dakò paske yo pa t patisipe nan dènnye reyinyon an.

4. Premye Kesyon Piblik ak Sesyon Repons

Patisipan ki te an pèsòn yo ak vityèl yo te kòmanche, poze kesyon, ak sijesyon.

- Plizyè patisipan te pataje eksperyans yo nan enjistis anviwònmantral kominote yo ap fè fas nan Taunton, MA. Patisipan yo te detaye eksperyans kominote yo fè fas ak konsekans anviwonmantal k ap viv toupre yon varyete plant endistriyèl. Kominote yo ap fè fas ak bri, pousyè, anpil blokis, ak enpak sou sante, sitou pwoblèm respiratwa. Kominote yo gen difikilte pou mobilize ajans lokal ak federal yo pou reponn ak enpak sa yo.
- Yon patisipan te enterese pou chèche konnen poukisa EJC mete de (2) peryòd pou fè kòmantè. Patisipan an te mande yon swivi sou fason EJC te rive nan konklizyon pou mete de (2) peryòd pou fè kòmantè pandan reyinyon yo

5. Prezantasyon VEIC a, Pwojè Clearinghouse

Oratè envite a **Dylan Voorhees** te bay yon prezantasyon sou VEIC, yon kabinè konsiltasyon, Pwojè Clearinghouse la. VEIC, yon konpayi sèvis enèji san pwofi, travay entènasyonalman sou pwojè chofaj pwòp. Pwojè Clearinghouse la, avèk konsèy ak direksyon EEA, te fòme yon komite konsiltatif ekite tanporè pou enkli pèspektiv ekite atravè eta a. Komite konsiltatif la te sèvi pou ede decide kijan pou etabli ekitabman yon clearinghouse pou opsyon enèji altènatif.

Clearinghouse sa a pral finalman sèvi kliyan yo nan direksyon pou opsyon enèji altènatif kòrèk yo.

Manm Konsèy yo te mande enfòmasyon sou konsepsyon pwogram ki adrese yon dinamik pwopriyetè ak lokatè, klarifikasyon sou objektif clearinghouse nan Massachusetts, epi yo te mande plis enfòmasyon sou angajman moun ki gen enterè yo.

Kòmantè nan bwat Q&A yo pa anba a

#	Kesyon	Non Kesyonè a	Repons
1	Nan dènye eleksyon ki sot pase a elektè nan rejyon Cape Cod yo te opoze ak yon petisyon pou konstwi plis fèm van lanmè nan oseyan an. Kòman MA EOEEA konte reponn pou adrese opozisyon sa a nan enèji renouvlab?	Anonim	N/A

6. Pwochen Etap yo epi nou Fini

María Belén te raple manm konsèy yo dat pwochen reyinyon an pou **9 janvyè nan Lowell**. **María Belén** te enfòme manm konsèy yo ke byento EEA pral afiche yon Demann pou Repons pou jwenn apeprè 5 patnè ekite pou ede kominote yo ak pwosesis planifikasyon MVP 2.0 ak dat limit repons yo pral rive nan mitan mwa desanm.

María Belén te mande pou fini reyinyon an. **Caroline Hon** te mande pou fini reyinyon an. **Jen Salinetti** te an dezyèm. Reyinyon an te fini a **7:40 pm**.